

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

## ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Jedi 28 janvye 2010 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, kote w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Plwaye dènye paj la sou liy pwenyè a epi, dousman ak prekosyon, detache fèy repons lan. Answit bay enfòmasyon yo mande yo nan antèt fèy repons ou. Kounye a ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime nan antèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

**Pati II** a genyen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons ou pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non ou ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I an, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou p ap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.


## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon (1–50):* Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa reponn kesyon an.

- 1 Nan ki zòn bon pò, anpil forè, sòl ki gen wòch, ak yon peryòd kwasans ki kout te gen plis enfliyans sou ekonomi kolonyal la?
  - (1) Koloni sid yo
  - (2) Rejyon Milye Atlantik
  - (3) Teritwa Nòdwès
  - (4) Koloni New England yo
- 2 Mayflower Compact ak Chanm Reprezantan Burges Virginia te pi asosye avèk
  - (1) abi monak absoli yo te fè
  - (2) kreyasyon tolerans relijye
  - (3) etap pou rive nan otonomi kolonyal
  - (4) adopsyon sifraj inivèsèl
- 3 Otè Deklarasyon Endepandans lan te itilize fraz “Lavi, Libète ak Rechèch Bonè” pou idantifye
  - (1) dwa natirèl
  - (2) dwa legal
  - (3) dwa Eta yo
  - (4) dwa ekonomik
- 4 Pou sipòtè yo te kapab genyen ratifikasyon Konstitisyon Etazini an, yo te dakò pou
  - (1) ajoute yon deklarasyon dwa moun
  - (2) aksepte nouvo eta nan Inyon an
  - (3) kreye yon kolèj elektoral
  - (4) bay Sena a pouvwa pou ratifye trete yo
- 5 Ki aksyon Alexander Hamilton te sipòtè pandan ane 1790 yo?
  - (1) restriksyon sou komès avèk Angletè
  - (2) distribisyon tè lib yo
  - (3) kreyasyon bank nasyon la
  - (4) eliminasyon enpo sou wiski
- 6 Ki pouvwa Kou Siprèm Etazini an te vin genyen akòz desizyon Tribinal la te pran nan pwosè *Marbury v. Madison*?
  - (1) revizyon jidisyè
  - (2) odizyon apèl de lot tribinal Federal enferyè yo
  - (3) pran desizyon sou pwosè ki konsène de (2) eta oswa plis
  - (4) endepandans jidisyè pa nominasyon avi
- 7 Yon fason Rezolisyon Kentucky ak Virginia (1798) ak Òdonans Anilasyon South Carolina (1832) sanble sèke yo chak
  - (1) te endike chak eta gen dwa pou entèprete lwa federal yo
  - (2) te fòme pati konstitisyon ki pa ekri a
  - (3) te sipòtè pouvwa gouvènman federal la pou deklare lagè
  - (4) te bay yon fason pou nouvo eta yo antre nan Inyon
- 8 Pandan kòmansman ane 1800 yo, ki faktè ki te kontribiye pi plis nan kòmansman Revolisyon Endistriyèl la Ozetazini?
  - (1) yon restriksyon sou imigrasyon ewopeyen
  - (2) fen sistèm travay esklav
  - (3) resous natirèl an abondans
  - (4) disponibilite kouran elektrik
- 9 Yon bi prensipal Doktrin Monroe a (1823) se te pou
  - (1) anpeche entèvansyon ewopeyen nan Amerik Latin
  - (2) kreye yon opòtinite pou aneksyon Kanada
  - (3) pwoteje anplasan yon kannal palòtbò Amerik Santral
  - (4) ede peyi ewopeyen yo kreye nouvo koloni nan Emisfè Oksidantal
- 10 Ki yon konsekans imedyat finisman Kannal Erie te lakòz nan ane 1825?
  - (1) Pri yo te ogmante pou pwodui alimantè toutolon Kòt Atlantik la.
  - (2) kiltivatè yo te kapab voye manje an gren yo pi fasil sou mache lès yo.
  - (3) Yon konfli teritwa te kòmanse avèk Kanada sou Gran Lak yo.
  - (4) Chemennfè yo te oblije diminye nan pri ekspedisyon yo.

Baze repons ou pou kesyon 11 lan sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: John M. Blum et al., *The National Experience: A History of the United States*, Harcourt Brace Jovanovich, 1981 (adapte)

11 Ki tit ki pi egzat pou kat jeyografik sa a?

- (1) Fèmte Fwontye a
- (2) Rezilta Rekonstriksyon
- (3) Yon Peyi ki Divize
- (4) Konpwomi ane 1850 lan

12 Desizyon Kou Siprèm lan nan pwosè *Dred Scott v. Sanford* (1857) te ede ogmante konfli rejonal paske desizyon an

- (1) te refize bay Kongrè a pouvwa pou kontwole esklavaj nan teritwa yo
- (2) te pèmèt enpòtasyon esklav pandan dizan
- (3) te entèdi esklavaj nan teritwa lwès Rivyè Mississippi a
- (4) te akòde sitwayènte konplè pou tout esklav yo

13 Nan ane 1862, yo te pase Lwa Homestead ak Lwa Chemennfè Pasifik la prensipalman pou

- (1) reyalize viktwa pati Nò nan Gè Sivil la
- (2) devlope pati Midwès ak pati lwès peyi a
- (3) amelyore lavi esklav afranchi yo
- (4) devlope mache etranje nan Azi ak Ewòp

14 Apre Gè Sivil la, te gen mwens imigran ki te al viv nan Sid paske

- (1) pifò moun ki fenk vini yo te chwazi pou al viv nan Gwo Plenn yo
- (2) moun lib yo te resevwa pifò nan tè arab ki disponib nan Sid la
- (3) te genyen plis travay pou imigran yo sou Kòt Lwès la
- (4) plis izin ki te anplwaye travayè ki pa t kalifye yo se nan Nò yo te ye

15 Konsekans pi dirèk enpo sou vòt ak tès lekti pou Ameriken Nwa yo se te pou

- (1) anpeche yo vote
- (2) limite aksè yo nan sèvis leta yo
- (3) bloke opòtinite yo nan edikasyon
- (4) refize yo fè avansman ekonomik

16 Pandan fen ane 1800 yo, ki yon gwo konsekans devlopman endistriyèl te genyen sou travayè yo Ozetazini?

- (1) Mwens moun te vin manm nan sendika yo.
- (2) Travayè yo te imigre nan rejyon rural yo.
- (3) Pifò travay izin yo te vin tounen sèvis sèvis endistri.
- (4) Operatè espesyalize nan machin yo te ranplase atizan kalifye yo.

Baze repons ou pou kesyon 17 ak 18 yo sou deklarasyon oratè ki anba yo ak konesans ou nan syans sosyal.

*Oratè A:* Bay pòv yo manje ak rad se yon erè. Menm jan lanati elimine manm enkonpetan yo, yon sosyete kapitalis ta dwe kapab fè menm bagay la.

*Oratè B:* Pou enterè tout moun epi pou pwoteje pèp la, gouvènman an dwe pase lwa pou anpeche lavant alkòl.

*Oratè C:* Pou ankouraje kwasans ekonomik, gouvènman an dwe devlope mache Etazini yo aletranje.

*Oratè D:* Kòm transpòtasyon se yon nesosite piblik, gouvènman an dwe posede ak opere chemennfè yo nan enterè piblik la.

17 Ki oratè ki ta gen plis chans pou sipòte teyori Darwinis Sosyal la?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

18 Ki twazyèm pati ki gen kwayans ki pi sanble avèk sa *Oratè D* a eksprime?

- |                     |                |
|---------------------|----------------|
| (1) Pa Konnen Anyen | (3) Popilis    |
| (2) Grinbak         | (4) Bull Moose |

19 Pandan fen ane 1800 yo, prezidan yo ak gouvènè yo te itilize fòs militè pi souvan pandan konfli travay-direksyon kòm yon fason pou

- (1) sipòte endistriyalis yo epitou pou mete yon pwen final nan grèv yo
- (2) fè patwon yo siyen akò negosyasyon ant travayè ak patwon
- (3) pwoteje travayè yo kont fòs lame prive patwon yo
- (4) mete sòlda nan plas travayè izin k ap fè grèv yo

20 Ant ane 1880 ak ane 1920, pifò “nouvo” imigran ki te vini Ozetazini te sòti nan

- (1) nò ak lwès Ewòp
- (2) sid ak lès Ewòp
- (3) Kanada ak Amerik Latin
- (4) Lachin ak Azi Sidès

21 Ki faktè ki pi asosye avèk desizyon Etazini pou deklare lagè kont Espay nan ane 1898?

- (1) politik izolasyonis
- (2) presyon sendika
- (3) jounalis sansasyonalis
- (4) lagè soumaren san kontwòl

22 Yon objektif prensipal Katòz Pwen Prezidan Woodrow Wilson yo (1918) se te pou

- (1) mande Kongrè a pou antre nan Premyè Gè Mondyal la
- (2) fikse objektif pou reyalize lapè apre Premyè Gè Mondyal la
- (3) bay yon pwogram èd pou rebati peyi lagè a te ravaje
- (4) fè vanjans pou nofraj *Lusitania*

23 Doktrin “danje klè ak prezan” yo te kreye nan pwosè *Schenck v. Etazini* (1919) te gen pou wè ak pwoblèm

- (1) libète lapawòl
- (2) dwa pou gen zam
- (3) dwa pou gen yon avoka
- (4) separasyon legliz ak leta

24 Pou kisa anpil kiltivatè Etazini pa t fè benefis nan pwosperite ekonomik ane 1920 yo?

- (1) Yo pa t fè avans teknolojik nan agrikilti.
- (2) Nivo pwodiksyon agrikòl yo te bese.
- (3) Te genyen gwo enpo sou ekspòtasyon agrikòl yo.
- (4) Yo te pwodui twòp danre agrikòl.

25 Pwosè Scopes ane 1920 yo te gen pou wè ak yon konfli ant

- (1) kominis ak kapitalis
- (2) Pwotestan ak Katolik
- (3) syans ak relijyon
- (4) travay ak direksyon

26 Ki faktè ekonomik ki te kontribye pi dirèkteman nan kòmansman Lagranm Depresyon?

- (1) fèb pwodiktivite travayè yo
- (2) gwo enpo sou revni
- (3) diminye to tarif yo
- (4) acha aksyon sou maj

Baze repons ou pou kesyon 27 la sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

“O, lanmò! O, chanjman! O, tan!”



Sous: Herblock, NEA Service, 1937 (adapte)

27 Ki prensip konstitisyonèl ki reprezante nan desen sa a?

- (1) federalis
- (2) sistèm pouvwa ekilibre
- (3) dwa eta yo
- (4) privilèj egzektif

28 Ki prensip degid politik ekonomik Nouvo Kontra a?

- (1) Avantaj fiskal anfavè konpayi yo ta rezoud pwoblèm ki asosye avèk povrete lavil.
- (2) Lejislasyon San Konfyans tap detwi ekonomi mache lib Etazini.
- (3) Endividyalis Sovaj dwe jwenn pèmision pou rezoud inegalite sosyal.
- (4) Gouvènman an dwe pran plis responsablite pou ede moun pòv yo.

29 Lwa Netralite ane 1935 ak ane 1937 yo te fèt pou

- (1) ranfòse politik Lig Nasyon yo
- (2) ankouraje kwasans ekonomik Ozetazini
- (3) evite politik ki te lakòz peyi a antre nan Premyè Gè Mondyal la
- (4) sipòte itilizasyon twoup ki la pou mete lapè nan Ewòp

30 Kisa ki te yon bi prensipal Franklin D. Roosevelt, Winston Churchill, ak Joseph Stalin lè yo te rankontre nan Konferans Yalta nan ane 1945 lan?

- (1) prepare èd pou Grand Bretay aprè lagè
- (2) pataje devlopman zam atomik
- (3) pwoteje lanpi kolonyal peyi ki nan lagè yo
- (4) rezoud gwo pwoblèm lagè puisans alye yo

31 Ki konsekans fen Dezyèm Gè Mondyal la te genyen sou fanm ameriken ki t ap travay nan endistri defans yo pandan lagè a?

- (1) Yo te jwenn envitasyon pou rantre nan sendika yo.
- (2) Sòlda ki te retounen yo te pran travay yo.
- (3) Yo te ogmante salè fanm yo pou fè yo vin menm avèk salè travayè gason yo.
- (4) Gouvènman an te rekonpanse yo pou patisipasyon yo.

32 Pwosè krim lagè a nan Nuremberg ak Tokyo apre Dezyèm Gè Mondyal la te etabli konsèp ki endike

- (1) yo te ka egzije peyi yo peye pou domaj lagè a
- (2) yo te akòde gras pou tout moun yo te akize kòm kriminèl nan lagè
- (3) moun ki kondane yo dwe resevwa santans pi kout pase kriminèl òdinè yo
- (4) moun ka responsab pou zak yo nan yon gè

33 Nan ane 1960 yo, sou ki pwoblèm desizyon Kou Siprèm lan te konsantrè nan pwosè *Mapp v. Ohio*, *Gideon v. Wainwright*, ak *Miranda v. Arizona*?

- (1) libète laprès
- (2) segregasyon rasyal
- (3) dwa akize yo
- (4) komès ant eta

Baze repons ou pou kesyon 34 ak 35 yo sou pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

“Gouvènman sa a, selon pwomès li fè, te toujou ap siveye deprè akimilasyon Fòs Lame Sovyetik sou zile Kiba. Nan semèn ki sot pase a, bon jan prèv te montre genyen vrèman yon seri de gwo misil sou plas ki an preparasyon sou zile izole sa a. Objektif baz sa a se sèlman pou ofri yon kapasite pou atak nikleyè kont Emisfè Oksidantal la. . . .”

— Prezidan John F. Kennedy, 22 oktòb 1962

34 Ki aksyon Prezidan Kennedy te pran apre deklarasyon sa a?

- (1) ankouraje fòs alye yo pou retire zam sovyetik yo nan Kiba
- (2) òdone yon restriksyon naval sou Kiba
- (3) sispann relasyon diplomatik avèk Inyon Sovyetik
- (4) mande Nasyonziini pou sispann anbake manje an gren pou voye nan Inyon Sovyetik

35 Kriz ki dekri nan pasaj sa a te rezoud lè

- (1) Kiba te vin yon peyi kapitalis
- (2) Etazini te pran kontwòl Kiba
- (3) Premye Minis Sovyetik Nikita Khrushchev te rankontre avèk Prezidan Kennedy
- (4) Inyon Sovyetik te retire misil li yo nan Kiba


36 Politik etranje detant Prezidan Richard Nixon se te yon efò pou

- (1) rezoud konfli Mwayennoryan yo
- (2) amelyore relasyon avèk Inyon Sovyetik
- (3) defann enterè Etazini nan Amerik Latin
- (4) ogmante pouvwa Konsèy Sekirite Nasyonziini an

37 Ki aksyon Prezidan Gerald Ford te pran nan yon efò pou mete yon pwen final nan diskisyon nasyonal sou eskandal Watergate la?

- (1) padone Richard Nixon
- (2) deklare lagè kont povrete
- (3) refize poze kandidati l pou re-eleksyon
- (4) mande Kongrè a pou akize Richard Nixon

Baze repons ou pou kesyon 38 la sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Bill Mauldin, *Chicago Sun-Times*, 1975

38 Nan ane 1970 yo, anpil sipòtè dwa fanm yo te reyaji nan sityasyon ki endike nan desen a lè yo te

- (1) rejte dispozisyon Tit IX
- (2) kont pwogram aksyon afimatif yo
- (3) mande dwa pou yo vote nan tout eleksyon
- (4) sipòtè Amanman nan Konstitisyon an ki mande pou tout moun gen menm dwa

39 Desizyon Prezidan Jimmy Carter te pran pou padone moun ki te refize fè sèvis militè pou Lagè Vyetnam epi ki te sove al Kanada se yon egzanj wòl prezidan an kòm

- (1) diplomat-an-chèf
- (2) dirijan pati
- (3) chèf egzekitif la
- (4) chèf deta mondyal

40 Kongrè Etazini an kapab tcheke pouvwa egzekitif gouvènman an lè li

- (1) nonmen anbasadè yo
- (2) anile veto yo
- (3) nonmen jij yo
- (4) deklare lwa yo pa konstitisyonèl

Baze repons ou pou kesyon 41 an sou tablo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

**Kantite Ameriken ki gen Laj 85 ane ak Plis**

| Ane   | (an milyon) |
|-------|-------------|
| 1900  | 0.1         |
| 1950  | 0.6         |
| 1960  | 0.9         |
| 2000  | 4.2         |
| 2010* | 6.1         |
| 2020* | 7.3         |

\*Yo Prewa

Sous: Federal Interagency Forum on Aging-Related Statistics

41 Ki deklarasyon enfòmasyon ki nan tablo a sipòte pi akèl?

- (1) Gason aje yo pi plis pase fanm aje yo.
- (2) Nan ane 1960, plis pase 10 pousan Ameriken te gen laj 85 ane oswa plis.
- (3) Kantite Ameriken ki depase laj 85 ane ap ogmante.
- (4) Nan ane 1900, se sèlman 1 milyon Ameriken ki te gen 85 an.


42 Ki yon rezon ki lakòz pri petwòl la ogmante nan lemondan depi ane 1970 yo?

- (1) konstriksyon oleyodik Trans-Alaska
- (2) twoub politik nan Mwayennoryan
- (3) pwomosyon efò konsèvasyon konpayi petwòl Etazini yo
- (4) gouvènman Etazini an te double tarif yo sou enpòstasyon petwòl

43 Etazini te fè yon defisi komèsyal sou de dènye deseni yo paske peyi a

- (1) te enpoze tarif pwotektè sou enpòstasyon yo
- (2) te mete gwo taks sou ekspòstasyon yo
- (3) te refize antre nan akò entènasyonal echanj lib
- (4) te enpòte plis machandiz pase sa li te ekspòte

Baze repons ou pou kesyon 44 la sou òganizatè grafik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.




44 Ki evènman ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- (1) Lagè Vyetnam
- (2) Olokòs
- (3) Lagè Gòlf Pèsik
- (4) envazyon D-Day

Baze repons ou pou kesyon 45 lan sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### KANDIDA KI DEZIYEN POU KOU SIPRÈM



Sous: Joe Heller, *Green Bay Press-Gazette*, July 20, 2005 (adapte)

45 Ki ide prensipal desen sa a?

- (1) Prezidan an responsab pou ede viktim siklòn yo.
- (2) Manm Kou Siprèm yo souvan kapab inyore pwoblèm politik yo.
- (3) nominasyon yon jij nan Kou Siprèm souvan kreye diskisyon.
- (4) Konstitisyon an dwe refòme yon fason pou yo eli jij Kou Siprèm yo.

46 Adopsyon amannman Gè Sivil Repibliken Radikal yo, Square Deal Prezidan Theodore Roosevelt, ak pwogram Lagrann Sosyete Prezidan Lyndon Johnson, yo tout se te efò pou

- (1) ankouraje teyori lesefè
- (2) amelyore sosyete a atravè aksyon gouvènman an
- (3) diminye wòl ekonomik gouvènman an
- (4) ogmante enfliyans gwo sosyete komèsyal yo


47 Yon fason atak Pearl Harbor 7 desanm 1941 an ak atak 11 septanm 2001 yo sanble sèke toulède te lakòz

- (1) ogmantasyon izòlman
- (2) kreyasyon sèvis militè obligatwa
- (3) akizasyon prezidan an
- (4) gwo chanjman nan politik etranje Etazini



Baze repons ou pou kesyon 48 la sou graf ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Defisi ak sipli nan bidjè federal (1990–2002)



Sous: CQ Researcher, 2003 (adapte)

48 Ki deklarasyon konsènan bidjè federal la ki sipòte pi aklè enfòmasyon ki nan graf la?

- (1) Bidjè a te ekilibre pandan pifò ane 1990 yo.
- (2) Bidjè sipli a te kòmanse diminye nan ane 1998.
- (3) Defisi bidjè a te vin pi piti ant ane 1992 ak ane 1997.
- (4) Defisi bidjè a pa t chanje ant ane 1992 ak ane 2000.

49 Adopsyon Lwa sou Etranje ak sou Sedisyon nan ane 1798, odisyon McCarthy yo nan ane 1950 yo, ak adopsyon Lwa Patriyòt Etazini an 2001 te kreye diskisyon paske yo te

- (1) egzije gwo kantite lajan pou aplike yo
- (2) poze kesyon konsènan pwoteksyon libète sivil yo
- (3) te kreye alyans avèk gouvènman etranje yo
- (4) limite pouvwa branch egzekitif la

50 Politik Diplomasi Dola, politik Bon Vwazinaj, ak Alyans pou Pwogrè te fèt pou

- (1) ogmante enflyans Etazini nan Amerik Latin
- (2) louvri komès avèk Azi Sidès
- (3) mentni lapè avèk peyi ewopeyen yo
- (4) ofri èd etranje pou peyi afriken yo

## Ou fèt pou ekri repons ou pou kesyon redaksyon an nan tiliv redaksyon separe a.

### Pati II

#### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki endike sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Moun, Gwoup, Ekri Enstitisyon ak Refòm

Atravè listwa Etazini, moun yo te itilize ekri kòm yon fason pou atire atansyon sou pwoblèm pèp ameriken ap konfwonte. Pou rezoud pwoblèm yo ki te endike nan ekri sa yo, gouvènman an, gwoup oswa moun te pran kèk aksyon.

#### Sa w gen pou fè:

Chwazi **de** atik alekrit ki te atire atansyon sou pwoblèm sosyete ameriken an te konfwonte epitou pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwoblèm otè a abòde
- Diskite sou yon aksyon gouvènman an *oswa* yon gwoup *oswa* yon moun te pran akòz pwoblèm otè a te abòde

Ou kapab itilize nenpòt atik alekrit ki nan etid ou fè sou istwa Etazini ki atire atansyon sou yon pwoblèm sosyete ameriken an genyen. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere: *Common Sense*, otè: Thomas Paine (1776), *Uncle Tom's Cabin*, otè: Harriet Beecher Stowe (1852), *How the Other Half Lives*, otè: Jacob Riis (1890), *The Jungle*, otè: Upton Sinclair (1906), "I, Too, Sing America", otè: Langston Hughes (1925), *The Other America*, otè: Michael Harrington (1962), *Silent Spring*, otè: Rachel Carson (1962), *The Feminine Mystique*, otè: Betty Friedan (1963), ak "Letter from Birmingham Jail", otè: Dr. Martin Luther King Jr. (1963).

#### Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

#### Nan devlopman repons ou, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di "pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li"
- (b) **diskite** vle di "fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay"

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

**diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay avèk reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

**Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abiltè w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.**

#### Kontèks Istorik:

Depi epòk kolonyal yo jouk nan tan kounye a, dlo te jwe yon wòl enpòtan nan istwa peyi a. Resous dlo tankou rivyè, lak, oseyan, kannal, pò natirèl ak gran kantite dlo anba tè te enflyanse devlopman politik ak ekonomik Etazini nan plizyè fason. Pami fason sa yo, genyen eksplorasyon ak etablisman, ekspansyon nan lwès ak nan Pasifik la, devlopman agrikòl ak endistriyèl, modèl migrasyon, ak pwoblèm anviwònman.

**Sa w gen pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak sa w konnen nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a, kote y ap mande ou pou

- Diskite sou enflyans dlo genyen sou devlopman Etazini

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.


#### Dokiman 1a

. . . Espas ki toupre oseyan an ak kouran navigab yo ak eleman ki sou plas sa yo gouvène pozisyon nwayo yo [etablisman] nan ak apeprè kote machpye yo sou kòt Atlantik la te fèt. Fason ajans kolonizatè te rekonèt eleman sa yo byen bonè se sa ki te detèmine siksè oswa echèk yo. Rivyè James, Rivyè Potomac, Rivyè Delaware, Rivyè Hudson, ak Rivyè Connecticut te vin liy prensipal penetrasyon an. Nan pifò koloni anglè yo, kolon yo te travèse liy de Separasyon an yon ti tan anvan ane 1700, yo te enstale fò ak pòs komèsyal toutolon espas sa a nan navigasyon, epitou yo te antre nan Piedmont nan koloni sid ak koloni omilye yo ak teritwa mòn New England ak New York. Rivyè yo se te toujou pwent tèt penetrasyon an. Komèsan ak eksploratè yo te travèse baryè montay yo pou ale nan lwès epitou yo te vin konnen sous dlo Ohio yo; Olandè yo epi pita Anglè yo te swiv Hudson pou rive nan Albany ak pi wo; nouvo Anglè yo te avanse rapidman nan Vale Connecticut la. Boston, New York, Philadelphia, ak ti vilaj ki te prèske gen dimansyon vil te vin sant kwasans ak komès. Pou rive nan ane 1700 popilasyon total nan Amerik Kolonyal te apeprè 275,000 abitan. . . .

Sous: Herman R. Friis, "A Series of Population Maps of the Colonies and the United States, 1625–1790," *The Geographical Review*, July, 1940 (adapte)

#### Dokiman 1b

### Ekspedisyon Lewis ak Clark, 1803–1806



Sous: Stephen E. Ambrose, *Undaunted Courage*, Simon and Schuster, 1996 (adapte)

1 Dapre dokiman sa yo, ki **yon** fason rivyè yo te enfliyanse etablisman ak eksplorasyon Etazini? [1]

Score

## Dokiman 2

Dapre istoryen Norman Graebner, ekspansyonis yo nan ane 1840 yo te konsidere Oregon ak California deplizanpli kòm “de mwatye yon sèl anbisyon” pou pwolonje fwontyè peyi a nan Kòt Pasifik la.

. . . Avèk trete Oregon 1846 la, Etazini te rive nan Pasifik la. Aksè li toutolon lanmè a ant 42° ak Detwa Fuca ak Detwa Puget te reyalize mwatye rèv ekspansyonis lan. Sou kòt sa yo, pwogrè inevitab pyonye ameriken an ta ka sispann, men ekspansyonis komèsyal yo te gade pi lwen nan enpilsyon [elan] ki endike posesyon Oregon ta ofri echanj komèsyal nan Pasifik la pou Ameriken yo. Benton [Senatè Etazini Thomas Hart Benton ki sòti nan Missouri] te prevwa “sou plan komèsyal, avantaj Oregon pral pi gran pase nenpòt pòsyon egal Eta Atlantik yo.” Moun Missouri sa a te kwè mache oryantal [azyatik] yo ak machandiz ekspòtasyon yo ta pi byen konplete egzijans mèkantil [echanj] Etazini pase egzijans Ewòp yo. . . .

Sous: Norman Graebner, *Empire on the Pacific: A Study in American Continental Expansion*, Ronald Press Co., 1955 (adapte)

2 Dapre Norman Graebner, ki **yon** rezon prensipal ki te genyen pou ekspansyon Etazini nan Kòt Pasifik la nan ane 1840 yo? [1]

---

---

Score

### Dokiman 3

. . . Mahan pa t a la tèt [devan] enperyalis sa yo nan ane 1898 ki, menm jan ak Roosevelt, Lodge, Senatè Albert J. Beveridge, nan Indiana, ak lòt, te konsidere yon lagè viktorye avèk Espay pou Cuba Libre [endepandans] kòm yon opòtinite pou anekse Filipin ki byen lwen. Depi ane 1896 Mahan te wè sa kòm bezwen ak opòtinite alafwa pou ekspansyon komèsyal ameriken nan Pasifik la ak nan mache Lachin. Men pa genyen prèy konvenkan ki asosye aneksyon tout achipèl Filipin lan avèk objektif patikilye sa a. Akizasyon estasyon naval chabon nan Manila, nan Gwam, ak nan anbouchi Yangtze li te panse ki apwopriye nèt pou sipòte fiti anbisyon komèsyal ameriken nan Lachin.

Pou li te ka sèten, li te defann aneksyon Hawaïi pandan lontan, deba li li yo pa t janm sispann [toujou] konsantre sou defans kòt Pasifik la, kontwòle imigrasyon oryantal, ak konsekans estratejik ekspansyon japonè nan Pasifik Santral la. Li te fè demann aneksyon Hawaïi ankò, nan mwa fevriye 1898 ki sot pase la a lè Senatè James H. Kyle, nan South Dakota, te mande li yon deklarasyon sou avantaj ak valè estratejik zile yo. Li te bat bravo nan mwa jiyè 1898 lè Etazini, prèske kòm yon reflèks defans-nasyonal, te refize de fwa, te vale, epi finalman te vale gwoup Hawaïi a nèt. Jan li te ekri nan mitan mwa Out la, “Dapre opinyon Konsèy la, posesyon zile sa yo, nou posede kounye a avèk kontantman, enpòtan sou plan militè, pou tranzit nou an Azi, ak pou defans kòt Pasifik nou an alafwa.” . . .

Sous: Robert Seager II, *Alfred Thayer Mahan: The Man and His Letters*, Naval Institute Press, 1977

- 3 Dapre otè a, ki **yon** rezon ki te lakòz Alfred Thayer Mahan te panse kontwòl zile Pasifik yo te enpòtan pou devlopman Etazini? [1]

Score

**Dokiman 4a**

... Aquifer Ogallala\* (ki rele Aquifer Plèn Wo yo tou) genyen kounye a [nan ane 2000] fè fas ak nivo dlo kap diminye ak dlo debon kalite kap depafini. Plis pase 90% dlo ki te ponpe sot nan Ogallala wouze omwen yon senkyèm tout tè jadin Etazini. Dlo sa a reprezante 30% tout dlo anba tè ki itilize pou lawouzaj nan Lamerik. Danre ki jwenn benefis nan aquifer a se koton, mayi, lizèn, soya ak ble. Danre sa yo ofri fonksyònman betay Midwès yo gran kantite manje epitou yo reprezante 40% pwodiksyon vyann bèf ak angrèsman isit la Ozetazini. Depi avansman lawouzaj agrikòl nan premye pati 20yèm syèk la, Ogallala te fè li posib pou eta tankou Nebraska ak Kansas kapab pwodui gran kantite manje an gren ki nesèsè pou bay betay yo manje. . . .

San lawouzaj, rejyon Plèn Wo yo te kapab rete yon anviwònman fwontyè defavorab ki pa pwodui anyen. Menm jodi a, agrikilti nan tè sèk toujou rete yon agrikilti ki gen gwo risk epitou pwodiktè ki nan rejyon an gen dout sou kalite agrikilti sa a. Men alòske tèm Bòl Pousyè a apwopriye, Plèn Wo yo te vin youn nan rejyon agrikòl ki bay plis ranman sou latè. Men, kounye a, paske nivo dlo anba tè a bese, yo dwe eksplòre altènatif pratik pou yon devlopman dirab. . . .

\*Yon Aquifer se yon sous dlo pwòp natirèl ki anba tè. Nan ane 1930 yo, kiltivatè yo pa t genyen ase teknoloji pou rive nan Ogallala Aquifer.

Sous: Manjula Guru and James E. Horne, *The Ogallala Aquifer*, The Kerr Center for Sustainable Agriculture, 2000 (adapte)

**Dokiman 4b**

**Bòl Pousyè ak Aquifer Ogallala**



Sous: <http://www.wadsworth.com> and The Kerr Center for Sustainable Agriculture (adapte)

4a Dapre dokiman sa yo, ki **yon** rezon ki fè Aquifer Ogallala enpòtan pou pwodiksyon agrikòl Etazini nan rejyon Plèn Wo yo? [1]

---



---

Score

b Dapre dokiman 4b a, kijan mank dlo te enfluyanse pati Gran Plèn yo nan ane 1930 yo? [1]


---



---

Score

Dokiman 5a



Sous: <http://www.geo.msu.edu> (adapte)

Dokiman 5b

Nan dat 29 me 1890, bato *W. R. Stafford* te kite Marquette, Michigan, nan yon vwayaj nòmral, pou pote yon chay minrè fè enpi ale Ohio epi pou retounen avèk yon chay chabon.

. . . Dè milye de fwa ane sa a, dè santèn bato kap vwayaje [navige] nan Gran Lak yo yon chan chaje ak minrè enpi ki toutolon kòt sid ak kòt lwès Lak Superior ak sant endistriyèl ki nan Ohio ak Michigan t ap repete orè li [*W. R. Stafford*]. Kalite minrè enpi an abondans bato sa yo t ap pote te ede kokennchenn devlopman endistriyèl konbistib Ozetazini nan dènye deseni 19yèm syèk la. Transpò sou Gran Lak yo te jwe yon wòl enpòtan nan devlopman sa a. San lyezon sa a, yo pa kwè Etazini te kapab devlope nan kwasans endistriyèl vit konsa. . . .

Sous: [http://www.geo.msu.edu/geogmich/iron\\_ore\\_\\_taconite.html](http://www.geo.msu.edu/geogmich/iron_ore__taconite.html)

5 Dapre dokiman sa yo, ki **yon** fason Gran Lak yo te afekte devlopman endistriyèl Ozetazini? [1]

Score



## Dokiman 6

Ekstrè sa a dekri yon konsekans inondasyon Rivyè Mississippi a an 1927.

. . . Nan kòmansman ane 1928, moun nwa [Ameriken Nwa] ki sòti nan zòn Washington [Mississippi], ak pètèt rès Delta a te rive 50 pousan. Depi fen Rekonstriksyon an, moun nwa yo tap kite Sid pou ale imigre nan nò ak lwès. Men se te yon emigrasyon lan, avèk Lesid ki te pèdi apeprè 200,000 moun nwa ant ane 1900 ak ane 1910. Pandan Premye Gè Mondyal la “Lagrann Migrasyon” te kòmans; Lesid te pèdi 522,000 moun nwa ant ane 1910 ak ane 1920, sitou ant ane 1916 ak ane 1919. Kounye a, apati plenn inondab Rivyè Mississippi, nan Arkansas, nan Louisiana, nan Mississippi, te gen pi gwo kantite moun nwa ki tap ale nan nò. Nan ane 1920 yo, 872,000 plis moun nwa te kite Sid pase kantite ki te retounen ladan l. (Nan ane 1930 yo, emigrasyon an te bese anpil; kantite moun nwa ki te kite Arkansas, Louisiana, ak Mississippi te bese a prèske de tyè, pou retounen nan nivo kòmansman ane 1900 yo).

Moun nwa Delta yo te pi renmen ale nan Chicago.. Yo te pote estil mizik blues nan vil la, epitou popilasyon moun nwa yo te ogmante anpil nan vil sa a, ant 44,103 nan ane 1910 ak 109,458 nan ane 1920, epi 233,903 nan ane 1930. Sètènman, tout moun emigrasyon sa a pa t sòti nan plenn inondab Rivyè Mississippi a. Epitou menm lè te konn genyen anpi alivyon, gwo inondasyon ane 1927 la pa t reprezante sèl rezon pou moun nwa yo abandone kay yo. Men pou plizyè dizèn milye moun nwa ki nan Dèlta Rivyè Mississippi a, inondasyon an se te rezon final la. . . .

Sous: John M. Barry, *Rising Tide: The Great Mississippi Flood of 1927 and How It Changed America*, Simon & Schuster, 1997

6 Dapre dokiman sa a, ki konsekans inondasyon ane 1927 Rivyè Mississippi te genyen sou anpil Ameriken Nwa? [1]

Score

## Dokiman 7

. . . Si ou kòmanse nan bò Pasifik la epi ou antre sou andedan, w ap jwenn gran vil, anpil vilaj, ak bèl jaden jouk ou travèse Sierra Nevada ak Cascades, ki bloke fwon tan sezon kap deplase nan Pasifik la, ki elimine imidite yo nan nèj la epitou ki tranpe nan lapli. Sou kote lès tèt Sierra-Cascade, imidite a bese imedyatman—ant 150 pous presipitasyon sou pant lwès la ak kat pous nan lès—epitou li pa ogmante anpil, sof nan elevasyon ki pi wo yo, jouk lè ou te travèse santyèm meridyen, ki separe Dakota yo ak Nebraska ak Kansas an de pati anba nan Abilene, Texas, epitou li divize peyi a an de mwaye pi enpòtan—kote yon mwaye ap resevwa omwen ven pous presipitasyon chak ane, epi lòt mwaye a resevwa mwens anjeneral. Nenpòt kote ki resevwa mwens pase ven pous presipitasyon pa yon bon teren pou yon kiltivatè ki depannde syèl la sèlman, ak yon kote ki resevwa sèt pous oswa mwens—tankou Phoenix, El Paso, ak Reno—pa yon kote pou abite ditou. Tout bagay depannde manipilasyon dlo—nan kapte dlo a dèyè rezèwa ki rezève dlo a, ak devyasyon dlo a nan rivyè an beton [akedik] sou distans anpil santèn mil. Si se pa t efò mesyanik [yon kwazad dinamik] ki te fèt pandan yon syèk edmi pou jwenn pwen final sa a, Lwès nou konnen jodi a pa ta egziste. . . .

Sous: Marc Reisner, *Cadillac Desert: The American West and Its Disappearing Water*, Penguin Books, 1993

7 Dapre dokiman sa a, ki konsekans tan an te genyen sou etablisman ki nan pati lwès Etazini? [1]

Score

## Dokiman 8

### Yon Istwa kout sou Lwa Dlo Pwòp la

|             |   |
|-------------|---|
| <b>1968</b> | <p>Selon yon ankèt yo te reyalize nan ane 1968, polisyon ki nan Bè Chesapeake la te lakòz yon pèt \$3 milyon dola chak ane nan endistri lapèch la.</p> <p>Pandansetan, Biwo Lapèch Espòtif Etazini te mezire DDT [yon ensektisid] 584 nan 590 echantiyon, avèk nivo jiska nèf fwa limit FDA [Administrasyon Federal pou Kontwòl Manje ak Medikaman].</p>  |
| <b>1969</b> | <p>Nan ane 1969, nivo bakteri nan Rivyè Hudson lan te nan 170 fwa pi wo pase limit ki pa danjre a.</p> <p>Epitou, yo te rapòte kantite rekò pwason ki te mouri nan ane 1969–plis pase 41 milyon pwason. Kantite sa a te genyen ladan l pi gwo kantite pwason ki te mouri yo te anrejistre—26 milyon ki te mouri nan Lak Thonotosassa, Florida, akòz dechaj kat izin transfòme manje.</p>  |
| <b>1970</b> | <p>Nan mwa jiyè 1970, Biwo Ijyèn Dlo Depatman Sante, Edikasyon ak Byennèt te rapòte 30 pousan echantiyon dlo te genyen sibstans chimik ki te depase limit Sèvis Sante Piblik te rekòmande.</p>  |
| <b>1971</b> | <p>Nan mwa fevriye 1971, FDA te rapòte 87 pousan echantiyon pwason espadon te genyen mèki nan nivo ki pa t apwopriye pou moun konsome.</p>  |
| <b>1972</b> | <p>Yo te pase Lwa Dlo Pwòp nan ane 1972. Lwa sa a se te yon repons pou prèske devèsman polisyon san kontwòl nan wout navigab nou yo. Nan epòk sa a, de-tyè nan lak yo, rivyè ak dlo bò kòt peyi a te vin gen danje pou lapèch oswa naje. Yo t ap devèse dlo twou ego ki pat filtre nan rivyè lib yo. Objektif Lwa Dlo pwòp se te pou diminye polisyon nan tout dlo Ozetazini pou “retabli ak antreteni entegrite chimik, fizik ak byolojik dlo peyi nou an.” Lwa a mande “zewo dechaj polyan nan dlo navigab yo vè ane 1985, ak nan dlo ki espesifik pou lapèch ak naje vè ane 1983.”</p> |

Sous: “Troubled Waters – A Brief History of the Clean Water Act,” pbs.org/now/science/cleanwater.html (adapte)

8 Dapre tablo sa a, endike **de** pwoblèm anviwònmantral ki te lakòz yo te vin pase Lwa Dlo Pwòp la. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 9

Lwès se yon founo. Pifò Midwès la sèch menm jan ak yon alimèt.

Alòske pifò rès peyi a ap debat avèk gwo-gwo chalè ak sechrès, moman an rive pou konsidere pwoblèm dlo Gran Lak yo ak detounman dlo a.

Youn nan pwoblèm ki pi enpòtan nan Santral ak Sidwès Etazini genyen se mank dlo. . . .

Tout moun konnen rezidan anpil eta ki gen tè sèk yo konte sou dlo Gran Lak yo avèk anpil enterè [jalouzi]. Epitou anvan lontan kèk eta jalou ki gen tè sèk ap kòmanse chèche fason pou detounen dlo Gran Lak yo an gran kantite. Si yo gen siksè nan piyaj gran kantite dlo fre nan Gran Lak yo, ou mèt rete tan ap genyen domaj nan ekonomi an ak nan anviwònman an. . . .

Sous: "Keep Great Lakes water in the Great Lakes," mlive.com (Everything Michigan), July 25, 2005.

9 Dapre dokiman sa a, ki **yon** rezon pou enkyetid konsènan dlo Gran Lak yo? [1]

---

---

Score

## Pati B Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Itilize prèy ki sòti nan *omwen senk* dokiman nan devlopman redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanj ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

Depi epòk kolonyal yo jouk nan tan kounye a, dlo te jwe yon wòl enpòtan nan istwa peyi a. Resous dlo tankou rivyè, lak, oseyan, kannal, pò natirèl ak gran kantite dlo anba tè te enfluyans devlopman politik ak ekonomik Etazini nan plizyè fason. Pami fason sa yo, genyen eksplorasyon ak etablisman, ekspansyon nan lwès ak nan Pasifik la, devlopman agrikòl ak endistriyèl, modèl migrasyon, ak pwoblèm anviwònman.

**Sa w gen pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

- Diskite sou enfluyans dlo genyen sou devlopman Etazini

### Gid:

#### Nan redaksyon ou, sonje pou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti nan *omwen senk* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanj ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan



The University of the State of New York

Pati I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Jedi 28 janvyè 2010 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Elèv ..... Sèks:  Fi

Pwofesè .....

Lekòl .....

Ekri repons ou yo pou Pati I an nan fèy repons sa a, ekri repons ou yo pou Pati III Seksyon A nan tiliv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Pati II ak III Seksyon B nan tiliv redaksyon separe a.

- 1..... 26.....
2..... 27.....
3..... 28.....
4..... 29.....
5..... 30.....
6..... 31.....
7..... 32.....
8..... 33.....
9..... 34.....
10..... 35.....
11..... 36.....
12..... 37.....
13..... 38.....
14..... 39.....
15..... 40.....
16..... 41.....
17..... 42.....
18..... 43.....
19..... 44.....
20..... 45.....
21..... 46.....
22..... 47.....
23..... 48.....
24..... 49.....
25..... 50.....

POU PWOFESÈ ITILIZE SÈLMAN

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score [ ]

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score [ ]

Final Score (obtained from conversion chart) [ ]

No. Right [ ]

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Siyati

Detache la a

Detache la a

